

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun desain kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Ieu métode téh sok disebut ogé ékspérimén semu.

Nurutkeun Sukardi (2012, kc. 181) panalungtikan kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu dihartikeun mangrupa panalungtikan nu hampir sarua jeung panalungtikan ékspérimén. Panalungtikan kuasi ékspérimén maké kelas ékspérimén kalawan henteu ngalibetkeun kelas kontrol. Dina ieu métode, kamampuh siswa nulis pangalaman pribadi diajén dua kali nya éta saméméh dibéré *perlakuan (pretest)* jeung sanggeus dibéré *perlakuan (posttest)* maké modél pangajaran *examples non examples*. Panalungtikan kuasi ékspérimén miboga tilu ciri penting, nya éta ieu di handap.

- Ayana manipulasi kana objék panalungtikan pikeun ngarobah kaayaan nu tangtu sacara sistematis.
- Ayana kontrol variabel nu ngatur kondisi panalungtikan
- Ayana obsérvasi pikeun nilik-nilik jeung ngukur hasil manipulasi

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *pre-test* jeung *post-test*.

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

Desain Panalungtikan *Pre-test and Post-test Group*

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan:

- O₁ = *Pre-test*
X = *treatment* pangajaran nu ngagunakeun modél *examples non examples*
O₂ = *Post-test*

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Sumber Data

Jumlah kelas VII di SMP Negeri 43 Bandung téh aya 9 kelas (VII-1 – VII-9). Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2014/2015 anu jumlahna aya 36 urang, 18 urang awéwé jeung 18 urang lalaki. Dipilihna kelas VII-4 jadi sumber data panalungtikan nya éta lantaran di kelas VII-4 masih loba kénéh siswa nu héngkér dina nulis pangalaman pribadi.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta salasahiji alat anu digunakeun pikeun milah-milah data nu dibutuhkeun. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés nya éta alat atawa *prosedur* nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa anu ngawengku *pre-test* jeung *post-test*. Pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok nu sipatna penting jeung pasti (Arikunto, 2010, kc. 53). Tésna mangrupa tés tinulis pikeun nuliskeun pangalaman anu kungsi karandapan ku maranéhna.

Upama dumasar kana téhnisna, ieu panalungtikan maké obsérvasi langsung, nya éta obsérvasi anu dipaké sacara langsung kana objék anu ditalungtik. Tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *examples non examples*.

Ieu di handap instrumén tés anu dipaké dina panalungtikan.

Tés
Pék jieun karangan pangalaman nu pikaresepeun, pikabungaheun, pikasieuneun, pikaseurieun atawa pikasediheun anu kungsi karandapan ku hidep dina kahirupan sapopoé dumasar kana gambar nu dipidangkeun di hareup kalayan merhatikeun eusi karangan, kosa kecap, basa jeung éjahan!

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik tést digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Kamampuh nulis pangalaman pribadi ngagunakeun data hasil *pre-test* (tés awal) jeung data hasil *post-test* (tés ahir). *Pretest* (tés awal) dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh awal saméméh maké modél *examples non examples*, sedengkeun *posttest* (tés ahir) mangrupa tést kamampuh ahir sanggeus maké modél *examples non examples* dina kagiatan diajar ngajar. Ngaronjat henteuna kamampuh siswa bisa ditempo ku cara ngabandingkeun hasil *pre-test* jeung *post-test*.

3.5 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data dina ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

- a. Mariksa hasil tést awal jeung tést ahir pangalaman pribadi siswa ku cara nyirian kekecapan anu kurang merenah, éjahan nu kurang merenah, eusi karangan nu perlu dimekarkeun deui, organisasi karangan sarta basa anu dipaké.
- b. Méré peunteun kana hasil tést awal jeung tést ahir pangalaman pribadi siswa. cara meunteun hasil karangan siswa baris dipedar ieu di handap.

$$1) \quad n = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor idéal}} \times 100\%$$

Keterangan :

KKM	:	75
Peunteun maksimal	:	100
Katégori	:	Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu nulis pangalaman pribadi anu bener. Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap can mampu nulis pangalaman pribadi anu bener.

(Puspitasari, 2014, kc. 28)

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sangkan leuwih jéntré kritéria meunteun karangan siswa baris ditabélkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Kritéria Meunteun Karangan Pangalaman Pribadi Siswa

Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
(1)	(2)	(3)
Eusi	4	Hadé pisan (Sampurna, hartina maham pisan, mekarkeun kecap koncina rélévan/luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar)
	3	Cukup-Hadé (Maham pisan, mekarkeun kecap koncina rélévan/luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar tapi kurang lengkep)
	2	Sedeng-Cukup (Pamahamanna kurang, mekarkeun kecap koncina kurang saluyu sarta pasualan nu dipedarna heureut)
	1	Kurang Hadé (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén)
Organisasi	4	Hadé pisan (Éksprési lancar, gagasan anu diungkabkeun jéntré, <i>padat</i> , rapi, runtuyanna logis jeung kohésif)
	3	Cukup-Hadé (Éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi gagasan utama jéntré, kurang rapi, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyanna logis tapi teu lengkep)
	2	Sedeng-Cukup (Éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan jeung mekarkeunna teu logis)
	1	Kurang Hadé (Henteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , teu cukup pikeun diajén)
Kosa Kecap	4	Hadé pisan (Jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkabkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan)

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		pangwangunan kecap)
	3	Cukup-Hadé (Kurang jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkabkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi henteu ngaganggu)
	2	Sedeng-Cukup (sedeng, kurang éféktif, milih kecapna kawatesanan jeung make kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah)
	1	Kurang-Hadé (Teu éféktif, milih kosa kecap padu waé, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén)
Basa	4	Hadé pisan (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina make jeung nyusun kalimah jeung kecap)
	3	Cukup-Hadé (Pamakéan jeung nyusun kalimah sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na.
	2	Sedeng-Cukup (Hésé dina make jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (Teu ngawasa pamakéan jeung panyusunan kalimah teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén)
Mékanik	4	Hadé pisan (Ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan)
	3	Cukup-Hadé (Kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	2	Sedeng-Cukup (Kurang ngawasa aturan panulisan, sering kajadian salah éjahan, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, hésé dibaca, teu cukup pikeun diajén)

(Hartfield, dkk, 1985, kc. 91; Nurgiyantoro, 1988, kc. 305-306 dina Kuswari, 2010, kc. 182-183), kalayan diropéa rentang skorna.

c. Ngasupkeun peunteun tés awal jeung tés ahir nulis pangalaman pribadi siswa.

Tabél 3.2

Tés Awal jeung Tés Ahir

Kamampuh Nulis Pangalaman pribadi

No	Ngaran Siswa	Pretest	Postest
----	--------------	---------	---------

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		1	2	3	4	5	Σ	Skor	1	2	3	4	5	Σ	Skor

Keterangan :

KKM : 75

Peunteun maksimal : 100

Katégori : Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu nulis pangalaman pribadi anu bener.
Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap can mampu nulis pangalaman pribadi anu bener.

3.5.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dipigawé sabab ayana sarat anu kudu dicumponan saacan panalungtik nangtukeun téhnik analisis statistik. Uji sipat data dina ieu panalungtikan aya opat, nya éta uji normalitas, uji homogénitas, uji gain, jeung uji hipotésis.

3.5.1.1 Uji Normalitas

Miboga udagan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa maké rumus *chi* kuadrat (X^2).

Léngkah-léngkah nu kudu dipigawé saméméh make *chi* kuadrat saperti ieu di handap.

- Nangtukeun skor panggedéna jeung pangleutikna. Éta skor ngacu kana hasil nulis pangalaman pribadi siswa.
- Néangan batas-batas interval : nangtukeun rentang skor kalawan maké rumus $r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$.
- Nangtukeun lobana kelas (K) kalawan make rumus:

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$K = 1 + 3.3 \log N$$

- d. Nangtukeun panjangna kelas (P) kalawan make rumus:

$$P = \frac{r}{k}$$

- e. Nyieun tabél distribusi frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalawan make tabél:

Tabél 3.3

Distribusi Frékuénsi Peunteun

No	Interval	f_i	X_i	x_i^2	$f_i \cdot x_i$	$f_i \cdot x_i^2$

Keterangan:

f_i : Jumlah data

x_i : nilai tengah

- f. Pikeun néangan rata-rata peunteun make rumus:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

- g. Pikeun néangan standar déviasi kalawan maké rumus:

$$SD = \frac{n \sqrt{(\sum f_i \cdot x_i^2) - (\sum f_i \cdot x_i)^2}}{n(n-1)}$$

- h. Pikeun ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi (*perkiraan*)

Tabél 3.4

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspétasi

Kelas Interval	O_i	BK	Z_{itung}	$Z_{tabél}$	L	E_i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan

O_i	:	Frékuénsi Obsérvasi
BK	:	Batasa Kelas
Z_{itung}	:	Transformasi normal
$Z_{tabél}$:	Standard normal
L	:	legana unggal kelas interval
E_i	:	Frékuénsi éskpéktasi
χ^2	:	Chi kuadrat

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

- i. Pikeun nangtukeun derajat kebebasan (dk) maké rumus:

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

- j. Nangtukeun harga $\chi^2_{tabél}$

- k. Nangtukeun normalitas data kalawan maké kritéria ieu di handap.

$\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabél}$ hartina distribusi data normal

$\chi^2_{itung} > \chi^2_{tabél}$ hartina distribusi data teu normal

3.5.1.2 Uji Homogenitas

Tujuan tina homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna data maké rumus *chi kuadrat*.

Ieu di handap mangrupa léngkah-léngkah ngitung uji homogénitas dina ieu panalungtikan.

- a. Ngitung variansi masing-masing kelompok *pre-test* jeung *post-test* maké rumus:

$$S_{X^2} = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)} \quad S_{y^2} = \frac{n \cdot \sum y^2 - (\sum y)^2}{n(n-1)}$$

- b. Hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F maké rumus:

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$F = \frac{S_{\text{besar}}}{S_{\text{kecil}}}$$

c. Nangtukeun derajat kebebasan

$$dk = n-1$$

d. Nangtukeun homogeny henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

$F_{itung} > F_{tabel}$ hartina data teu homogén

$F_{itung} < F_{tabel}$ hartina data homogén

3.5.1.3 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil *pretést* jeung *postést*. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan éféktifitas modél pangajaran *examples non examples* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung.

Tabél 3.5

Uji Gain (D) Tingkat Kamampuh Siswa Nulis Pangalaman Pribadi Maké Modél
Examples Non Examples

No	Kode Siswa	<i>Pretést</i>	<i>Postést</i>	d	d^2

3.5.1.4 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilaksanakeun ngaliwatan dua léngkah, nya éta:

a. statistik paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data hasil uji normalitas nunjukeun distribusi data normal, mangka nguji hipotésis maké kaidah-kaidah statistik paramétris kalawan maké uji *t-test*.

Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

1) Nangtukeun Mean tina béda tés awal jeung tés ahir (Md) kalawan maké rumus:

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

2) Nangtukeun Derajat Kebebasan (db) kalawan maké rumus:

$$dk = n-1$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

3) Nangtukeun kuadrat deviasi kalawan maké rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

4) Nangtukeun t kalawan maké rumus:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

5) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana ieu kritéria, nya éta:

(a) $t_{itung} > t_{tabel}$ (Hipotésis kerja ditarima), yén modél pangajaran *examples non examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung.

(b) $t_{itung} < t_{tabel}$ (Hipotesis kerja ditolak), yén modél pangajaran *examples non examples* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung.

b. statistik non paramétris

Statistik non paramétris digunakeun nalika data hasil uji normalitas nuduhkeun yén data téh teu miboga distribusi data anu teu normal. Pikeun nguji éta data, digunakeun uji *wilcoxon* nya éta:

- 1) asupkeun data pretés siswa kana kolom ka-2 (xal);
- 2) asupkeun data postés siswa kana kolom ka-3 (xbl);

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) itung béda antara pretés jeung postés ku cara xal-xbl tuluy asupkeun kana kolom 4;
- 4) nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda tina kolom ka-4 tuluy ti mimiti peunteun béda anu pangleutikna nepi ka anu panggedéna;
- 5) sanggeus diurutkeun (misalna aya peunteun nu sarua), pikeun nangtukeun jenjangna, éta peunteun dijumlahkeun tuluy dibagi dua. Peunteun tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna;
- 6) sanggeus diurutkeun asupkeun peunteun jeung jenjang jb kana kolom ka-5;
- 7) ngasupkeun peunteun jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya peunteun béda anu négatif asupkeun kana kolom ka-7;
- 8) tingali kana tabél harga-harga kritis uji *wilcoxon*, missal jumlah $n=23$ kalawan nangtukeun taraf kasalahan 5% tabél=73;
- 9) data anu geus diitung terus diasupkeun kana tabél *wilcoxon*; jeung

Tabél 3.6

Tabél Uji *Wilcoxon*

No	XAI	XBI	Béda Xal-Xbl	Tanda Jenjang		
				Jenjang	+	-

Keterangan:

XAI : Peunteun pretés

XBI : Peunteun postés

- 10) ditarima henteuna hipotésis dina uji *wilcoxon* ngagunakeun kritéria ieu di handap.

(a) Saumpama $W_{itung} (-) < W_{tabel}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun hartina

Hipotésis kerja ditarima, yén modél pangajaran *examples non examples*

Gita Rosita, 2015

Model pengajaran examples non examples pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2014/2015.

- (b) Saumpama $W_{itung} (-) > W_{tabel}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun hartina Hipotésis kerja ditolak, yén modél pangajaran *examples non examples* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2014/2015.